Унагъуэ дахэм и щапхъэ

2-нэ нап.

Бгы абрагъуэу лъагэщ и мурадхэр

3-нэ нап.

Дудар Заремэ и фэилъхьэгъуэхэр

4-нэ нап.

Дыщэ бгырыпхри Гран-при саугъэтри

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№85 (24.835) ● 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Жылагъуэ гупсысэр еунэтI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щехъуэхъуащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм (РИЦ). Ар Псыхуабэ къызэрыщыщызэIуахрэ илъэс ирикъуащ. «ТАСС Кавказ» фIэщыгъэр зиIэ а IэнатIэм лэжьэн зэрыщIидзар хъуауэ щытащ СКФО-м щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэ.

ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ IэнатIэхэр ди гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд, жылагъуэм гупсысэр щызыунэтI, Iуэхугъуэ хэхахэр зэрыпхагъэкI Iэмэпсымэ лъэщщ, псом хуэмыдэу мы лъэхъэнэм. Зэманым зэрызихъуэжымрэ гъащIэм зэрызиужьымрэ елъытауэ а IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэри нэгъуэщI мэхъу: абыхэм къахохъуэ, зэрызэбгъэхъулIэфыну мардэхэми теплъэщIэрэ купщIэщIэрэ ягъуэт. «ТАСС Кавказ» IэнатIэми и къалэнхэр аращ зытеухуар: щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм ятеухуа хъыбар пэжыр яIэрыгъэхьэн, къулыкъущIэ лъагэхэр къешэлIауэ, ахэр шэщIауэ тегъэпсэлъыхьын цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм.

Апхуэдэу илъэс лъандэрэ лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ «ТАСС Кавказ» щIыналъэ хъыбарегъащIэ центрым и IэщIагъэлIхэм. Абыхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр зыдрагъэкIуэкI къулыкъущIэхэм яхэтщ къэралым хыхьэ субъектхэм я Iэтащхьэхэр, министр зэмылIэужьыгъуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм щыпэрыт IэщIагъэлIхэр, нэгъуэщIхэри. «ТАСС Кавказ»-м и IэщIагъэлIхэм я псэлъэгъуу щытащ ди республикэм и унафэщIхэри.

РИЦ-м и корреспондентхэм я псэлъэгъухэм хуагъэув упщIэхэр, хабзэ зэрыхъуащи, дапщэщи епхащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыпсэухэр, къэралым и цIыху псори зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэу цIыхубэм къащIэ къулыкъущIэ лъагэхэм, IэщIагъэлI щыпкъэхэм я Iуэху зехьэкIэр, дуней еплъыкIэр зыхуэдэхэр. Езы къэпсалъэхэри я мурадхэмрэ гупсысэхэмкIэ зэрощIэ, зэдогуашэ, зохъуажэ.

Иджырей медиа губгъуэм телевиденэмрэ радиомрэ ящIыгъуу шэщIауэ щолажьэ веб-сайтхэри, интернет-журналхэмрэ газетхэмри, блогхэри, социальнэ сеть зэмылIэужьыгъуэхэри. А псоми хуэдэу, «ТАСС Кавказ» хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ящыщ дэтхэнэми зэхуахьэс, йолэжь икIи цIыхубэм я пащхьэ иралъхьэ дунейм, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми ятеухуа хъыбархэр, иджырей технико-технологие пэрытхэмрэ я Iэдэжу.

Ауэ щыхъукIэ, къызэрызэIуахрэ илъэс ирикъуа хъыбарегъащIэ IэнатIэр ди гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд, жылагъуэм гупсысэр щызыунэтI, Iуэхугъуэ хэхахэр зэрыпхагъэкI Iэмэпсымэ лъэщ хъуащ. Къэрал политикэр зыубзыху «еплIанэ властыкIэ» зэджэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм, зэрынэрылъагъущи, зэкъуигъэувэфынущ, апхуэдэуи зэкъуиудыфынущ цIыхубэр, зыхуигъэув къалэнхэмрэ мурадхэмрэ елъытауэ.

Къэралми жылагъуэми апхуэдиз мыхьэнэ щызиIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм иджырей дунейм, политикэ зэпэщIэувэныгъэ пхъашэмрэ экономикэ дэкъузэныгъэ ткIийхэмрэ я лъэхъэнэм, щагъуэт увыпIэм, къапэщылъ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ ятеухуащ я лэжьыгъэр. Псыхуабэ щылажьэ «ТАСС Кавказ» щIыналъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэр, зэрыригъэжьам хуэдэу, дапщэщи щрет бэм я джакIуэу, я унэтIакIуэу.

ТАМБИЙ Линэ.

● Медицинэ

IэщIагъэлIхэм къахохъуэ

Налшык къалэ дэт «Призвание» медицинэ колледжыр къэзыуха ныбжьыщIэхэм я дипломхэр щратыж зэIущIэ гуапэ екIуэкIащ. Еджэныр ехъулIэныгъэкIэ къезыхьэлIа IэщIагъэлI ныбжьыщIэу 800-м щIигъум псалъэ гуапэрэ хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэтрэ.

КЪАЛЭБАТЭ Рустам къыхигъэщащ жылагъуэм дежкIэ медицинэ IэщIагъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, нобэ IэнатIэм пэрыувэну ныбжьыщIэхэм республикэм и цIыхухэм я узыншагъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ зыхуэдэнур куэдкIэ елъытауэ зэрыщытынур.

- «Призвание» медицинэ колледжым илъэс 12 хъуауэ республикэр зыхуэныкъуэ медицинэ IэщIагъэлIхэр къыщIегъэкI. Абыхэм ящыщ куэдым зэфIэкI лъагэхэр къагъэлъагъуэу щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм я лэжьыгъэр щрахьэкI. Колледжым щызрагъэгъуэта щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ и фIыгъэкIэ абыхэм зыкъагъэлъэгъуащ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI нэсхэу, - жиIащ министрым. - Шэч къытесхьэркъым нобэ мы еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэхэми республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм яхуэфэщэн лэжьыгъэхэр зэращагъуэтынум икIи а унэтIыныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIынум. Апхуэдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт колледжым и унафэщIхэмрэ и егъэджакIуэхэмрэ IэщIагъэлI нэсхэр гъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ.

Лу Азэмэт къыхигъэщащ гъащIэ гъуэгуанэр куэдкIэ нэхъ тынш къыпщызыщI Iэмал хъарзынэу щIэныгъэр зэрыщытыр икIи ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ адэкIи я зэфIэкIым хагъэхъуэну, сытым дежи я Iэзагъэр зэрырагъэфIэкIуэнум хущIэкъуну, дохутырым и къалэн нэхъыщхьэр - цIыхухэм я узыншагъэр, гъащIэр хъумэныр - зыщамыгъэгъупщэу я лэжьыгъэм пэрытыну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ГъэлъэгъуэныгъэрфокIадэм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ.

● Лъыгъэм и дамыгъэхэр

Ушаковым и орденыр

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ягъэува флот дамыгъэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт хым щекIуэкIыну зауэ операцэхэр къызыхуэтыншэу зэхалъхьэкIэрэ, я нэIэ щIэту дагъэкIкIэрэ, ехъулIэныгъэ хэлъу къызэрагъэпэщкIэрэ, бжыгъэкIэ нэхъыбэ биидзэр изыгъэкIуэта е абы хэщIыныгъэ ин езыта, апхуэдэу езыхэр зыхэт дзэ къару нэхъыщхьэхэр зыхъума Дзэ-Тенджыз Флотым и дзэзешэхэм. Апхуэдэу Ушаковым и орденымкIэ Дзэ-Тенджыз Флотым хыхьэ дзэпакIэ щхьэхуэхэм, хыдзэ зэгухьэныгъэхэм, хыдзэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэм, кхъухьхэмрэ псыщIагъ кхъухьхэмрэ я цIэр къраIуэрт.

Ушаковым и орденым I икIи II нагъыщэхэр иIащ. А дамыгъэхэр, Нахимовым и орденым и I икIи II нагъыщэхэм яхуэдэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэм ипкъ иткIэ 1944 гъэм гъатхэпэм и 3-м ягъэуващ. Хыдзэпщ Ушаков Фёдор и цIэр зыфIаща дамыгъэм и теплъэр зыщIар архитектор Шепилевский Модестщ.

Ушаковым и орденым и I нагъыщэр хуагъэфащэрт Дзэ-Тенджыз флотым и дзэзешэхэм, хыдзэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм.

Дамыгъэм и I нагъыщэр иратырт:

- Хым щекIуэкIыну зауэ операцэр Iэзэу зэхалъхьэу къызыхуэтыншэу дэзыгъэкIахэм, зыщахъумэж щIыпIэм иту хыдзэ зэгухьэныгъэхэр зэзыгъэуIуфахэм, бжыгъэкIэ нэхъыбэ биидзэр ныджэмрэ абы къедза щIыпIэхэмрэ ит, дзэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм ящызыхъумахэм;
- ЕгъэзыгъэкIэ икIуэтын хуей щыхъум деж, зи унафэ ищI дзэ зэгухьэныгъэ инхэр къызэзыгъэпэщахэм, абыхэм хэт дзэ къарухэмрэ техникэмрэ ягъуэт хэщIыныгъэр игъэмащIэкIэрэ, биидзэм хьэлэчыр яхэзылъхьахэм;
- БжыгъэкIэ нэхъыбэ биидзэм и гуащIэр щIихкIэрэ, абы и хыдзэ зэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къызэпызыудахэм, а щIыкIэм тету хыдзэ къарухэм хэщIыныгъэ ин езытахэм;
- Хым щекIуэкIыну зауэ операцэм жэрдэмрэ гушхуэныгъэрэ хэзылъхьэу биидзэм хэщIыныгъэ езытахэм;
- Биидзэр здитIысыкIа щIыпIэм, Iэмал хилъхьэу, екIуэлIахэм, зи унафэ ищI дзэхэр хэщIыныгъэ мащIэкIэ ныджэм тезыгъэхьахэм.

Ушаковым и орденым II нагъыщэр хуагъэфащэрт Дзэ-Тенджыз Флотым и корпусхэм, дивизэхэм, бригадэхэм я унафэщIхэм.

Дамыгъэм и II нагъыщэр иратырт:

- БжыгъэкIэ нэхъыбэ хъу бийм ерыщу пэщIэтхэрэ, тегушхуэныгъэ инрэ ехъулIэныгъэрэ хэлъу дзэ къарухэр, танкыдзэхэр, кхъухьлъатэдзэхэр къызэзыгъэпэщахэм;
- ЩытыкIэ хьэлъэ ихуа и дзэхэр къызэзыгъэпэщахэм, бжыгъэкIэ нэхъыбэ биидзэм пэщIэтын хуэдэу, дзэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэр Iэзэу зэзыгъэуIуахэм;
- Бийм и дзэзэпыщIэ Iэмалхэр къызэпиудэ и кхъухь нэхъыфIыIуэхэр кIуэдыпIэм изышахэм, и дзэ къарухэм хэщIыныгъэ ин езытахэм.
- Зи унафэ ищI дзэ къарухэр къызэригъэпэщкIэрэ, бийм и кхъухьыдзэ зэгухьэныгъэхэм хэщIыныгъэ яриту изыгъэкIуэтахэм, езыр зыхэт хыдзэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зыхъумахэм, а щIыкIэм тету биидзэм хэщIыныгъэ хэзылъхьахэм.
- Биидзэр изыгъэкIуэтахэм, и дзэ къарухэмрэ техникэмрэ зыгъэкIуэдахэм, зэгухьэжыну Iэмал яримыту, абыхэм хьэлэчыр яхэзылъхьахэм;
- Дзэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэр зэригъэуIукIэрэ, екIуэкI зауэр ехъулIэныгъэ хэлъу къэзыхьахэм.

Ушаковым и орденыр пкъыгъуищу зэхэт дамыгъэщ. Орденым лъабжьэ хуэхъуащ дыщэ плъыжьым къыхэщIыкIа, дэбзыкI зиIэ бзиитху вагъуэр. Абы и щIыIум дыжьын хъурзэр къытелъщ, ар вагъуэм ищхьэкIэ щыIэ бзийм хэгъэтIысхьа хъурджанэм епхыжащ. Хъурзэм и кум зи лъэгур щIыхуфэ къызыщIыхьэ лапхъэкIэ къилыкIа медальон итщ. Медальоным и лъэгур зэфэзэщу джафэщ. Абы Ушаков Фёдор и сурэтыр тещIыхьащ. Дзэпщым и щхьэмкIэ къекIуэкIыу хьэрфышхуэ защIэкIэ «ХЫДЗЭПЩ УШАКОВ» псалъэхэр къыхэIущIыкIауэ тетщ. Сурэтым и лъабжьэр дыщэпс зытелъ лэб зэхэухуэнахэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Абыхэм я лъабжькIэ зэблэдза гъубжэмрэ уадэмрэ я теплъэр тещIыхьащ.

I нагъыщэ зиIэ дамыгъэм мащIэ дыдэщ II нагъыщэ зиIэ орденыр къызэрыщхьэщыкIыр. Апхуэдэу дэбзыкI зиIэ вагъуэр дыщэщ къызыхэщIыкIар, медальонымрэ хъурзэмрэ дыжьынщ къызыхэхар. II нагъыщэ зиIэ орденым и медальоным и лъэгур лапхъэ щIыхупскIэ къилыкIащ. КъищынэмыщIауэ, II нагъыщэ зиIэ дамыгъэм лэб гъэщIэрэщIа иIэкъым, гъубжэмрэ уадэмрэ хъурзэм тещIыхьащ.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр, къыхэщ къудейуэ, уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, щыгъыным ирихэпIуэнтIэн хуэдэу, и кум хуэзэу лъакъуэ цIыкIу къыхокI.

Ушаковым и орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Суворовым и орденым иужькIэ бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу халъхьэ.

Дамыгъэм и I нагъыщэр 47-рэ ятащ (абы щыщу 11-рэ етIуанэу), II нагъыщэр 194-рэ ятащ (абы щыщу 12-р Дзэ-Тенджыз Флотым и зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм). Дамыгъэм и нагъыщитIри зыхуагъэфэщар цIыхуитI къудейщ - Совет Союзым и хыдзэпщ Горшков Сергейрэ вице-хыдзэпщ Григорьев Виссарионрэщ.

ТАБЫЩ Мурат.

Ди къуэш республикэхэм

Зи хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэм ирихьэлIэу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щекIуэкIащ Зи хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ зи пщэрылъ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ.***

АБЫ хэтащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Аутлъэ Юрэ, АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хэкуэгъухэм запыщIэнымрэ СМИ-мкIэ и комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр, «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, къызэгъэпэщакIуэ комитетым щыщхэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ Зи хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэм теухуа Iуэхухэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм, абы хыхьэу «Зэкъуэтыныгъэмрэ ЗэгурыIуэныгъэмрэ» утыкум шыщхьэIум и 1-м сыхьэт 19-м концертрэ джэгурэ зэрыщекIуэкIынум.

КъинэмыщIауэ, къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм къыхалъхьащ Iуэхухэм ехьэлIауэ езыхэм къабгъэдэкI жэрдэмхэр, - къет Адыгейм Щэнхабзэмк1э и министерствэм.

Гъуазджэм зэпещIэ

АБХЪАЗ. ***«Москва - Сухум. Искусство общего века» экспозицэр къыщызэIуахащ Абхъазым и лъэпкъ сурэт галерее къагъэщIэрэщIэжам. Мыбы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и мылъкукIэ.***

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР къызэрагъэпэщащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «РОСИЗО» къэрал музей-гъэлъэгъуэныгъэ центрымрэ «ЩэнхабзэмкIэ Урысей фонд» жылагъуэ-къэрал IуэхущIапIэмрэ.

Ар къыщызэIуахым хэтащ УФ-м и Президентым и администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей, Абхъаз Республикэм и президент Гунбэ Бадрэ, премьер-министр Делбэ Владимир, щэнхабзэмкIэ министр Кове Даур, республикэм и Сурэт лъэпкъ галереем и унафэщI Сакание Сурам, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и чэнджэщэгъу Карташёв Павел, РОСИЗО-м и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ Москвичев Георгий, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэри.

Утыку къралъхьа лэжьыгъэхэм къаIуатэ Урысейм и къалэ мыинхэм и щIыуэпс, архитектурэ гъэщIэгъуэнхэр, Къырымым и тенджыз Iуфэр, Кавказ бгыхэм я дахагъымрэ Абхъазым и дыгъэпс хуабагъэмрэ.



Жыджэру зыхуегъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Дружбэ къуажэм щыщ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Быджэ Щамил щIыналъэм и цIэкIэ кIуэнущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм папщIэ екIуэкIыну «Абилимпикс» япэ чемпионатым. Зэхьэзэхуэхэр бадзэуэгъуэм и 25-29-хэм щызэхэтынущ Къэзан. Щамил зыкъыщигъэлъэгъуэнущ «Токарные работы на станках с ЧПУ» Iыхьэм.***

СВО-м и ветераным фэбжь хьэлъэ игъуэтащ 2022 гъэм и мэкъуауэгъуэм, арщхьэкIэ егъэджэныгъэм пэрыхьэжащ, техникэ IэщIагъэщIэри зригъэгъуэтащ. Нобэ зэдехь школ лэжьыгъэмрэ чемпионатым зыхуэгъэхьэзырынымрэ, абыхэм къыщыдэхуэм сурэт щIыным дехьэх.

Щамил сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэзыгъакъуэ, дэзыIыгъ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм и фIэщ мэхъу абы и ерыщагъымрэ ипэкIэ текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэмрэ ехъулIэныгъэ къызэрыхуахьынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къызыхуахьыну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ: унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 901-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ; фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 822-рэ кIэпIейкIэ 95-рэ.

Ди индексыр П5894

● ЗэIущIэхэр

Ялэжьам ироплъэж

Къэбэрдей-Балъкъэр МВД-м и Жылагъуэ советым и зэIущIэ екIуэкIащ иджыблагъэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр МВД-м и унафэщIым и къуэдзэ, полковник Кузнецов Константин, КъБР-м и МВД-м деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Мэкъушэ Руслан, дин лэжьакIуэхэу Дзасэжь Хьэзрэталийрэ Бобылев Валентинрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Жылагъуэ советым 2025 гъэм и блэкIа илъэс ныкъуэм зэфIихам.

Къапщтэмэ, Кузнецовыр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ: - Мы зэман мытыншым мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэр зыхуэдгъэIущымрэ ахэр тэмэму гъэсэнымкIэ ядедгъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ. БлэкIа илъэс ныкъуэм МВД-м деж щыIэ Жылагъуэ советым зэфIиха лэжьыгъэм щыщу къыхэгъэщыпхъэщ «Каникулы с Общественным советом» и фIэщыгъэу Урысей МВД-м илъэс къэс иригъэкIуэ-кIым жыджэру дызэрыхэтар. Ди советым зыхуигъэува Iуэху нэхъыщхьэр дигу къэдгъэкIыжмэ, ар щIэблэ Iущ, гуузлыуз зиIэ, цIыхуфI къытщIэувэнымкIэ тхузэфIэкI длэжьынырщ. Ахэращ ди ужь итынур, ди Iуэхухэм пызыщэнури, дызэрыгушхуэн, ди гугъэхэр къэзыгъэпэжын лъэужь къэнэн хуейщ, - жиIащ абы.

БлэкIа мазихым къриубыдэу Жылагъуэ советым илэжьам зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Мэкъушэ Руслан. Абы и закъуэ мыхъуу, мы унэтIыныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэгухьэныгъэм щегъэкIуэкIын хуей зэхъуэкIыныгъэхэмрэ IуэхущIэхэмрэ къытеувыIащ ар.

ЗэIущIэм къыщаIэтат иджыблагъэ Налшык къалэ къыщыхъуа щIэпхъаджагъэри - полицэм и лэжьакIуэхэм къатеуэу, зы уIэгъэ зэращIам. Жылагъуэ лэжьакIуэхэм жаIащ апхуэдэ дяпэкIэ къэмыхъун папщIэ, щIалэгъуалэм нэхъыбэрэ епсэлъэн, хуэзэн зэрыхуейр, щIэпхъаджагъэм димыхьэхын папщIэ ялъэкI къызэрамыгъэнэнур. Iуэхум къыхашэнущ дин лэжьакIуэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэри, щIэблэм щапхъэ дахэ яхуэхъуфыну цIыху цIэрыIуэхэри.

ФЫРЭ Анфисэ.

Кавказымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Кавказымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэм я дунеймрэ» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща «Иджырей юриспруденцие къэхутэныгъэхэм я методологиещIэхэр зэфIэувэным епха Iуэхугъуэ зэхэмыбзхэр» XV Урысейпсо щIэнIуатэр.

УЛЪЭЩIЭМЫХЬЭУ зызыхъуэж политикэ дунейм хабзэубзыхухэм я пащхьэм зэфIэхын хуейуэ Iуэхугъуэ зыбжанэ кърегъэувэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм къызэщIиубыдэ хуитыныгъэхэр дунейпсо политикэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм къызэпамыудын папщIэ, убзыхун хуей хэкIыпIэхэр, абыхэм хабзэ къару зэретыпхъэр, лъэпкъ хабзэхэмрэ къэрал ухуэкIэмрэ [illegible] хьэр, нэгъуэщIхэри.

Урысейпсо щIэнIуатэу ягъэпса пэхуэщIэм кърихьэлIащ Мэзкуу, Ипщэ икIи Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэхэм я университетхэм, щIэныгъэхутэ институтхэм я щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, экспертхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. Апхуэдэу зэIущIэм хэтащ Азербайджаным, Арменияем, Абхъазым я лIыкIуэхэри.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ пэхуэщIэм и жэрдэмщIакIуэ, ЦIыхум и хуитыныгъэхэр джынымкIэ центрым и унафэщI, «Кавказ Ищхъэрэ юриспруденцие гъуазэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Шапсыгъ Дамир.

- КъызэрымыкIуэу гуапэ сщохъу ди щIэнIуатэм и япэ зэхуэсыр зэрызэхуэтшэсари, абы щыгъуэм дызэхэзыха куэдым шэч къызытрахьа Iуэхугъуэхэр мымащIэу зэфIэтхыну зэрытхузэфIэкIари. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэр джыным, абыхэм гъащIэм къыхалъхьэу щыта зэхущытыкIэхэр къэхутэным хуэунэтIа лэжьыгъэ ин едгъэкIуэкIащ ПэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Апхуэдэу пэхуэщIэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм я зэужь» («Антология памятников права народов Кавказа») фIэщыгъэр иIэу тхылъ 33-рэ къыдэдгъэкIащ, «Къэралым и тхыдэмрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хуитыныгъэхэр къызэщIэзыубыдэ хабзэхэм-рэ» («Учебник по общей истории государства и права народов Кавказа») тхылъыр дгъэхьэзыращ. Сыхуейщ сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн къытхуэхъу КъБКъУ-м фIыщIэ хуэсщIыну, дапщэщи къызэрыддэIэпыкъум папщIэ и цIэр дахэкIэ къисIуэну. ЖэрдэмщIакIуэр зы щIыпIэм щыIэу, къыхалъхьа Iуэхухэр нэгъуэщIыпIэ щекIуэкIыу щытыкIэ ущиувэм деж, зэдэлажьэхэм я зэхуакум зэгурыIуэныгъэ дэлъыныр, дзыхь зэхуащIыныр, зэакъылэгъуу щытыныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. КъБКъУ-м щIэныгъэр сыт щыгъуи ипэ ирегъэщ, абы и купщIэр гъащIэм зэрыхипщэным хущIокъу. Сыт хуэдэ гукъэкI ищIми, КъБКъУ-м и политикэр зыхуэунэтIар щIэныгъэмрэ гъащIэмрэ Iэмал зэриIэкIэ гъунэгъуу зэришэлIэнырщ. Къыхэгъэщын хуейщ ар абы екIуу къызэрехъулIэр. Апхуэдэ дыдэу дэри ди жэрдэмхэм еджапIэ нэхъыщхьэр къоувалIэри, узыщыгуфIыкIын хуейуэ къызолъытэ. Арыххэуи, гухэхъуэщ ди щIэнIуатэр мыбдеж зэрыщекIуэкIыр. Зыбжанэ лъандэрэ лъэныкъуитIри дегупсысырт «Хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмкIэ гупсысэкIэм и еджапIэ» («Школа правового мышления») зыфIэтща дерсыщIэр юриспруденцие унэтIыныгъэхэр зиIэ къудамэхэм я егъэджэныгъэ программэм хэухуэна зэрыхъунум. А гупсысэр и пIэ зэрикIар куэд и уасэу къызолъытэри, ищхьэкIэ зи гугъу щысщIа зэдэIэпыкъуныгъэм щыщ зы Iуэхущ. Сыщогугъ ди щIэнIуатэм и пащхьэ къидгъэува упщIэхэм жэуап зэгъэпэща ягъуэтыну, акъыл зэхэдзэкIэ жэрдэм щIагъуэхэр къызэдэдгъэщIыну, - жиIащ Шапсыгъ Дамир.

ЩIэнIуатэр щекIуэкI еджапIэм и унафэщIым и цIэкIэ хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIри, КъБКъУ-м и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ГъукIэпщокъуэ Мурат къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм къэралым и гупэр лъэпкъхэм я щэнхабзэ лъапIэныгъэхэм къазэрыхуигъэзар, абыхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм къыщыхилъытэу зэрыщIидзар.

- Гу лъыботэ, лъумытэнкIи Iэмал иIэкъым дунейм зэрызихъуэжам. Политикэ щхьэусыгъуэхэр къыхуэмылъытэми, цIыхубэм я зэхэщIыкIым хэпщIыкIыу зиужьащ, я дуней лъагъукIэм мыбзаджэу зиIэтащ. ЩIэныгъэм куэд щIауэ къызэрыщащтащи, зи псэукIэ-щыIэкIэр ефIакIуэ, зи зэхэщIыкIым зиубгъу лъэпкъхэм я щIэжым фIыуэ зеIэт. Апхуэдэхэр я лъэпкъ къэгъэщIыгъэхэм хуеплъэкIыу, абы и хъугъуэфIыгъуэхэр гъащIэм хаухуанэу хуожьэ. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэр, я щэнхабзэхэр, я щыIэкIэр къебгъэрыкIуэхэм ирафыгъулIэу, абы щахъумэну хэту дапщэщи къэгъуэгурыкIуащ. Шапсыгъ Дамир и къэпсэлъэныгъэм къыхэщащ «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм я зэужь» фIэщыгъэр иIэу тхылъ 33-рэ дунейм къызэрытехьар. Уегупсысын къудейкIэ гъэщIэгъуэнщ а лэжьыгъэм и инагъыр, абы къарууэ текIуэдар. Кавказыр езыр лъэпкъыбэ лъахэщ. Жылагъуэ куэдыр иригушхуэу хабзэ гъэщIэгъуэнхэр къагъэщIащ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Кавказ щIыналъэм исхэм я нэхъыбэм зэдащта, дуней псом къыщацIыхуа «Адыгэ Хабзэ» щэнхабзэ-политикэ къэгъэщIыгъэр. Ар зей лъэпкъым зэуэ гу лъимытэжынкIи хъунущ, ауэ абы къызэщIиубыдэр гуфIэгъуэмрэ нэщхъеягъуэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм я закъуэкъым, атIэ абы къанэ щымыIэу къегъэгъунэ цIыхухэм я зэхуаку дэлъын хуей зэхущытыкIэхэри, зэрагъэмысэри, зэраухейри, щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр зэрызэхагъэкIри, жылэхэр зэрызэдэгъуэгурыкIуэри, нэгъуэщI куэди. А хабзэхэм илъэсищэхэр я ныбжьщ, къызэрыщIэкIамкIи, нобэр къыздэсым я гуащIэр щIэкIакъым, нобэрей щыIэныгъэми зэхъуэкIыныгъэшхуэ хыумылъхьэу щызепхьэ хъун куэди хэлъщ. Зи гугъу тщIы зэужьым къыщыкIуащ Къэбэрдейм и лIакъуэлIэшхэу Къундетхэ, Тамбийхэ, Анзорхэ зэрахьэу щыта хабзэхэр, къыщыхьащ лъэпкъ псом дежкIэ зэдай щыIэкIэзекIуэкIэхэр. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым а псор щызэхуэхьэса зэужьым дэтхэнэ зы лъэпкъми и къэгъэщIыгъэр зы дыщэ кIанэу къызэрыхэщыр, ахэр зэщIэпкъуэжу утыку къипхьэнри зэрымытыншыр. Апхуэдэ гуащIэдэкIым пщIэ иIэщ, уеблэмэ, къэралым и гулъытэр а лъэныкъуэм зэрыхуигъэзар къалъытэмэ, лъапIэныгъэ пыухыкIахэри бгъэдэлъщ. Лъэпкъым и зэхэщIыкIыр къэзыIэтыр и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэращ. Ахэр къэралым и шыбзэм щыщIигъэкIкIэ, имыгъэпудмэ, атIэ хуэфащэ гъуэгу яритмэ, къэралми зиужьынущ, дызытепсэлъыхь мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ я шэсыпIэ лъэщи хъунущ. Сыщогугъ икIи хьэкъыу си фIэщ мэхъу ди щIэнIуатэм апхуэдэ дахагъэ куэд къызэрыдэкIуэнур. Гъуэгу махуэ фытехьэну си гуапэщ, - жиIащ ГъукIэпщокъуэ Мурат.

Апхуэдэу щIэнIуатэм къыщыпсэлъащ КъуэщIысокъуэ Роберт, Кузьмин Пётр, Дым Елдар, Абазэ Алексей, нэгъуэщIхэри. Ахэри арэзы техъуащ икIи къыхагъэщащ ирагъэкIуэкI тхыдэ къэхутэныгъэхэр Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъым илъэсищэ бжыгъэхэм къадэгъуэгурыкIуа хабзэхэм зэратепсэлъыхьыр, тхыдэ хъугъэщIагъэхэм ящыщ куэдыр абыхэм я фIыгъэкIэ зэблэгъэкIа е ягъэкIэ зэтекъута зэрыхъуар.

- Къэралым и хабзэубзыху къулыкъущIапIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр Хабзэ Нэхъыщхьэм иралъыту зэрагъэпсым хуэдэу, щIэныгъэм и шыбзэм щIэгъэкIын хуейщ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ, цIыхум и хуитыныгъэхэр зыубзыху хабзэ лIэужьыгъуэхэри. Арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым зы гупсысэм: сыт хуэдиз кIэрыху игъуэтами, хабзэхэр псэущ, абыхэм цIыхухэр ирогъуазэ, ахэр зэрахьэ куэдей мыхъуу, ирагъэфIакIуэ. Къэралым узэбакъуэ мыхъуну игъэув пщалъэхэм хуэмыдэу, хабзэхэр нэхъ лантIэщ, абыхэм къэрал унафэми зыдащIыфынущ, уеблэмэ а зыдэщIыкIэм екIурабгъу Iэмал куэди хэлъынкIэ хъунущ. Шэч хэлъкъым, зызыхъуэж дунейм къикъуз хуитыныгъэхэм я щыIэныгъэр къэралымрэ цIыхубэмрэ я зэдэлэжьэкIэм зэрелъытар, абы къыхэкIыу зэхуэгъэкIуати щыIэн хуей хуэдэщ. Сэри, си япэкIэ къэпсэлъахэм ещхьу, сыщогугъ ди щIэнIуатэм дызыхуэныкъуэ гупсысэ куэд къыщыIуну, - къыхигъэщащ Абазэ Алексей.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхубэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыным хуэунэтIауэ къэрал хабзэхэм я къарур здынэсым епха Iуэхугъуэхэм, юриспруденцие щIэныгъэм щызэфIэува Iэмалхэр егъэфIэкIуауэ хабзэубзыху IэнатIэм хуэгъэлэжьэн зэрыхуейм, иджырей хабзэубзыху жэрдэмхэм яIэ щыщIагъэхэмрэ фIагъхэмрэ, нэгъуэщI куэдми.

Юриспруденцие унэтIыныгъэ зиIэ, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм студентхэр зэрыщрагъаджэ программэхэм «Хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмкIэ гупсысэкIэм и еджапIэ» дерсыщIэр хагъэхьэну Кавказым хиубыдэ щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я къудамэхэм, щIэныгъэегъэджэныгъэ гупхэм захуигъэзащ щIэнIуатэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къызэщIэзыкъуэж тхыгъэм.

ЩIэныгъэ зэхуэсыр КъБКъУ-м цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ, экономикэмрэ финанс хуэIухуэщIэхэмкIэ и къудамэмрэ УФ-м и Президентым деж ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал IэнатIэмкIэ щыIэ, Урысей Ипщэм къэралым унафэр щызехьэнымкIэ и институтым ЦIыхум и хуитыныгъэхэр джынымкIэ и центрымрэ я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ.

ЩIэнIуатэм ипкъ иткIэ щIэныгъэлIхэм кърахьэлIа тхыгъэхэр «Кавказ Ищхъэрэ юриспруденцие гъуазэ» журналым къытрадзэнущ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Фэеплъ

КъызыхэкIар фIыщэу зылъагъут

Жамбэч Тайсир Сирием хыхьэ Къунейтрэ къалэм 1965 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыщалъхуащ. И адэанэм Хэкужьым къыщагъэзэжым, ар иджыри щIалэ цIыкIуу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыздашэжауэ щытащ. Я лIакъуэр къызыхэкIауэ къалъытэ Аргудан къуажэм дэтIысхьэжа зэщхьэгъусэхэм къуиплIрэ пхъуитIрэ зэдапIащ.

1973 ГЪЭМ Тайсир и ныбжьыр илъэс еянэм иту, Налшык дэт школ-интернатым иратауэ щытащ. Курыт щIэныгъэ щызэригъэгъуэтауэ, 1983 гъэм ар къиухащ. А илъэс дыдэм ар щIотIысхьэ СССР-м Тенджыз флотымкIэ и министерствэм кхъухьзехуэхэр щагъэхьэзыру Ленинград щиIэ еджапIэм. Абы здыщIэсым, Тайсир практикэ IуэхукIэ ягъакIуэ Латвие щIыналъэм къеуалIэ Балтий тенджызым и псыIум Iус Вентспилс къалэ цIыкIум.

И къуэш Назир щыгъуазэ дызыхуищIахэм ятетщIыхьмэ, Тайсир а щIыпIэр апхуэдизкIэ игу ирихьати, 1986 гъэм, кхъухьзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэр къызэриухыу, абыкIэ егъазэ, щылэжьэн икIи щыпсэун мурадыр иIэу.

- Тайсир зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, зи щIэныгъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ цIыхуу щытащ, - игу къегъэкIыж Назир. - Вентспилс къалэ цIыкIум дэт кхъухь тедзапIэм зэрыщылажьэу, адмирал Макаров Степан и цIэр зезыхьэу Санкт-Петербург дэт Къэрал тенджыз академием зочнэу щIотIысхьэри, 1999 гъэм ар къеух, хы щхьэфэм тет кхъуафэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ зегъэкIуэнымкIэ инженер IэщIагъэр иIэу.

Абы иужькIэ, зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, 2000 гъэм, кхъухь тедзапIэм и зы IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэу ягъэув. ЩIалэ гумызагъэр абджеми къыщыувыIэркъым: лэжьапIэ зэрыту, Латвием и къалащхьэ Ригэ дэт Балтикэ къэрал академием заочнэу щоджэ. ИкIи ар 2012 гъэм къеух, етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэригъэгъуэтауэ.

Тайсир адрейхэр зытемыгушхуэ Iуэхухэм яужь ихьэрти, абыхэми хэкIыпIэ тыншхэр къахуигъуэтырт. Арагъэнт и чэнджэщ, и дэIэпыкъуэгъу лъыхъуэу цIыхухэр абы и деж къекIуалIэу щIыщытари.

Жамбэчыр фIыкIэ зигу къэзыгъэкIыжахэм ящыщщ эколог цIэрыIуэ, Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым илъэс 39-рэ ипэкIэ «Додо-клаб» зыфIища клубыр къыщызэзыгъэпэщауэ щыта Мысырджэн МуIэед.

- Тайсиррэ сэрэ япэ дыдэу дызэхуэзышауэ щытар сэ куэд щIауэ си цIыхугъэ, ныбжьэгъуу сыкъэзылъытэ, Тамбукъан хыжьейм къыхах ятIэм хущхъуэ къыхезыгъэщIыкIхэм ящыщ, химие-биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэрэгъул Хъусенщ, - жеIэ МуIэед. Ар къыщыхъуар 2005 гъэращ. Абы щыгъуэ сэ Псыхуабэ дэт къэрал лингвистикэ институтым сыщеджэрт. Тайсиррэ Хъусенрэ зы Iуэху гуэр зэдаIэу абы нэкIуэгъат...

Тайсир унагъуэ щызэригъэпэща щIыпIэ жыжьэм зы илъэс нэхъ димыгъэкIыу къикIыжырти, Къэбэрдейм къэкIуэжырт. Ди клубым и лэжьыгъэр зэредгъэкIуэкI щIыкIэр фIэгъэщIэгъуэнт. ЦIыкIухэр зэдэшэсу хабзэ щIыпIэхэм: Къэнжалыкъуэм, Чэтмэз, Думэнхэ я псынащхьэхэм, Шэт Хъурей, нэгъуэщIхэми зыщиплъыхьын фIэфIт. Ригэ щигъэзэжхэми, зы тхьэмахуэ нэхъ димыгъэкIыу къытщIэупщIэрт, «сытхэр вгъахъэрэ, дауэ фыхъурэ?» - жиIэурэ. Клубым и лэжьыгъэр зыхуэдэр нэсу зэхищIыкI хъуа иужькIэ, ахъшэкIи къыддэIэпыкъуу щIидзащ. Илъэс зытхухым къриубыдэу, псори зэхэту, доллар 1200-м щIигъу къыдитат абы.

Куэдым фIыуэ ялъагъуу щыта, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, этнограф цIэрыIуэ ЦIыпIынэ Аслъэнрэ сэрэ 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м Сэрмакъ и Iэхэлъахэм щызэхэтшауэ щыта Iуэхугъуэр си гум IэфIу къинэжащ. Абы щыгъуэ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Шэджэм щIыналъэхэм къикIа шууейуэ 65-рэ зыхэта шыгъажэр «Iуащхьэ жылэрэ» «Шыгъэлыгъуэрэ» я зэхуаку дэлъ сэтейм къыщызэдгъэпэщауэ щытащ.

ЯпэщIыкIэ ЦIыпIынэ Аслъэн Сэрмакъ накIуэри, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа губгъуэм шым ехьэлIа и Iэмэпсымэхэр щызэбгригъэтIылъыкIащ. Сыгузавэрт къетхьэжьа Iуэхум пыщIа дауэдапщэхэм текIуэдэну мылъкур къыздитхынумкIэ. АрщхьэкIэ, абдеж дыдэм, телъыджэлажьэрэ уафэм къехуэхам хуэдэу, Тайсир ахъшэ къызэрытхуиутIыпщамкIэ хъыбар къытIэрыхьащ. Ар, дауи, дэркIэ гуфIэгъуэшхуэт. Абы и закъуэкъым - адыгэм теухуауэ сыт хуэдэ Iуэху къэтIэтми, Тайсир ахъшэкIэ нэгъуэщI къинэмыщIхэмкIи зыкъытщIигъакъуэу къекIуэкIащ.

Зэгуэр ар, латыш лъэпкъым къыхэкIа и ныбжьэгъухэр и гъусэу, Сэрмакъ къэкIуауэ щытащ. Ахэр абы Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа хъыбархэмкIэ къыдихьэхат. ХьэщIэхэм Iэгъуэблагъэр езгъэцIыхуати, псом я лейуэ ягу нэхъ ирихьар «Думэнхэ я псынащхьэ», «Шэт Хъурей» щIыпIэхэращ. СощIэж, аргуэру зэ къэкIуахэу, щIымахуэу, мазаем и 23 махуэу, Тхъуэбзащхъуэ псынэм зэрызыщагъэпскIауэ щытари. Тайсир бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ - латышыбзэми, инджылызыбзэми, урысыбзэми, адыгэбзэми - хуиту ирипсалъэрт.

1999 гъэм Тайсир узыфэ Iейм хуэдэ иIэу дохутырхэм къыжраIащ. Ауэ, абы щхьэкIи къимыгъанэу, зыкъыхуэзыгъазэ цIыхухэм ар иджыри ядэIэпыкъурт, езым хуэдэ уз зиIэхэми мылъкукIэ защIигъакъуэрт.

Тайсир зыхь узым зэман кIыхькIэ еныкъуэкъуа иужь, Вентспилс сымаджэщым щIэлъу, 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и кIэм дунейм ехыжащ. Ар и адэ-анэм къыздагъэзэжауэ щыта я лъапсэм къашэжащ Латвием къыщыдэлэжьа и ныбжьэгъухэм: шэшэн щIалэхэу Байсаров Вахэрэ Эльмурзаев Расулрэ, тэтэр лъэпкъым къыхэкIахэу Алиевхэ Аликрэ Ренатрэ, Талерчик Валерэ сымэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Шынагъуэншэ ящIащ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и «Вершина» ОМОН-м и инженер-техника IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къамыгъауэу къыщIахащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ лъандэрэ щIым хэлъа топышэ.

АБЫ теухуа хъыбарыр хабзэхъумэ IэнатIэхэм яIэригъэхьащ ар Шэрэдж районым и мэзылъэм къыщызыгъуэтам. ЩIыпIэм кIуа росгвардейцхэм жаIащ ар Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым къагъэсэбэпу щыта, мм. 82-рэ калибр зиIэ лагъым улъийуэ.

Сакъыныгъэм и хабзэхэм тету ар лъэныкъуэ ирагъэзащ.

Унагъуэ дахэм и щапхъэ

Полицэм щылажьэхэр зэман лей, хущIыхьэгъуэ зимыIэ цIыхухэм ящыщщ. Ар зым зыгуэрщи, тIури а зы IэнатIэм упэрытмэ-щэ?! Мэремкулхэ Артуррэ Элинэрэ и щапхъэщ зэгурыIуэрэ лъагъуныгъэрэ зи унэ илъ унагъуэ быдэм.

АХЭР щызэрыцIыхуащ Урысей МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ управленэм шынагъуэншагъэм терроризмэм пэщIэтынымкIэ и къудамэм. Артур абы взводым и командиру, Элинэ полицэм и лэжьакIуэу щытт. ЗэрызэрыцIыхурэ илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу ныбжьэгъуитIыр унагъуэ зэдауэхуащ. ИджыпсIу абыхэм зэдапI илъэси 3 зи ныбжь Салимэрэ мазэ 11 хъу зэтIолъхуэныкъуэу Амирэрэ Адилейрэ. Унэгуащэр иджыкIэ дэсщ, сабий епI.

Зы лэжьыгъэм, Iуэху еплъыкIэм цIыхухэр зэхуишэрэ унагъуи къагъэщIащ, апхуэдэхэр арагъэнущ нэхъ быдэ хъур. Элини арщ я унагъуэр быдэу щIэзыхуэм и къежьапIэр зыхилъагъуэр.

Полицэм и капитан Артур ОВД-м 2014 гъэ лъандэрэ щолажьэ, Элинэ лейтенант нэхъыщхьэщ, 2017 гъэ лъандэрэ полицэм хэтщ. Абыхэм я къулыкъур екIуру-ещхъу зэрырахьэкIым папщIэ мызэ-мытIэу фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ, фIыкIэ я цIэ иратуэ апхуэдэщ. Ди гуапэщ Мэремкулхэ я унагъуэ дахэр, унагъуэ дахэ кIуэну, зэгурыIуэрэ зэдэIуэрэ я зэхуаку дэмыкIыу лъагъугъэ здахьыну.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэхущытыкlэр ирагъэфIакIуэ

Пекин щызэхуэзащ Урысей Федерацэмрэ Китай ЦIыхубэ Республикэмрэ хамэ къэрал IуэхухэмкIэ я министрхэу Лавров Сергейрэ Ван Ирэ. Ахэр тепсэлъыхьащ къэралитIым я зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхугъуэ зыбжанэм.

АПХУЭДЭУ министрхэм и гугъу ящIащ урысей-китай зэхущытыкIэхэр зэрыщрагъэфIакIуэным, США-м зэрыдэлэжьэнум, украинэ зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, иран-израиль зэпэщIэувыныгъэм, Корее хытIыгуныкъуэм щыIэ щытыкIэм, нэгъуэщIхэми.

Лавров Сергейрэ Ван Ирэ къыхагъэщащ я къэралхэм зэпIэзэрыт псэукIэ щыIэным зэрелъэIэр зэрызэтехуэр. Апхуэдэу абыхэм къагъэлъэгъуащ Урысеймрэ Китаймрэ я щхьэ хуиту, я щыналъэр ирикъуу, къэралыр зэкъуэту псэуныр псом япэ ирагъэщ Iуэхугъуэу зэрыщытыр икIи абы и лъэныкъуэкIэ зэр адрейхэм щытыкIэ дежи щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъунур.

Министрыр гулъытэ нэхъ хуэщIу къытеувыIащ Шанхай зэдэлэжьэныгъэмкIэ организацэм хэтхэм - Къэрал IэтащхьэхэмкIэ советым и зэIущIэ зэрекIуэкIынум.

Туристхэр нэхъыбэ мэхъу

Электрон визэкIэ Урысейм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ.

«ХАМЭ къэралхэм къикI хьэщIэхэм щIэх-щIэхыурэ къагъэсэбэп хъуащ Урысейм укIуэным хуэхьа тынш зищI Iэмалыр - электрон визэр. 2025 гъэм и япэ мазитхум апхуэдэ щIыкIэкIэ ди къэралым къэкIуащ хамэ къэралхэм щыщ туристу мин 230-м щIигъу, абы лэжьэн зэрыщIидзэрэ ар къагъэсэбэпащ цIыху мин 940-м, - жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий.

УФ-м и Къэрал Думэм нэхъапэкIэ къищтащ къэралым къызэрихьэ, зэ фIэкIа къэбгъэсэбэп мыхъу электроннэ визэм и IэнатIэм хэзыгъахъуэ унафэ. Абы илъэс иткIэ, визэр къызэрыгъэсэбэп хъуну пIалъэр нэхъ кIыхь хъуащ, щагъэхьэзыра махуэм щегъэжьауэ мазиплIкIэ къару иIэнущ дэфтэрым. КъищынэмыщIауэ, иджы Урысейм къэкIуэ туристхэм махуэ 30-кIэ абы зыщагъэпсэхужыфынущ. НэхъапэIэм къэралым щыIэну хабзэм хуит зэрищIыр махуэ 16 къудейт.

Вице-премьерым къыхигъэщащ Урысейм турист нэхъыбэ къыхуэкIуэнымкIэ IэмалыщIэхэр хэкIыпIэ хъарзынэу зэрыщытыр, апхуэдэ щIыкIэкIи ди къэралым дунейпсо туризмэм жыджэру и увыпIэ зэрыщиубыдыр. «Хамэ къэралхэм къикIыу Урысей Федерацэм зыплъыхьакIуэхэр къакIуэхэр иужьрей илъэсхэм нэхъыбэ хъуащ, - жиIащ Чернышенкэ Дмитрий. - 2024 гъэм ди къэралым къыкIуа турист мелуани 5-м нэблагъэ, ар абы ипэ илъэсым нэхърэ процент 30-кIэ нэхъыбэщ».

Бадзэуэгъуэм и 15, гъубж

♦ **ЩIалэгъуалэр IэпщIэлъапщIагъэм хуэгъэсэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1939** гъэм Бахъсэн, Аруан, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм район газетхэр къыщыдэкIыу хуежьащ.

♦ **1924 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист **Шакъ Беслъэн**.

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ щIэныIуатэдж, литературэдж, критик, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, профессор **Пщыбий Инал**.

♦ **1928 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, Iуэрыуатэдж, литературэдж, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур**.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ашэбокъуэ Леонид**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ **Балъкъыз Батий**.

♦ **1959 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Башорэ Хьэмид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 34-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 16, бэрэжьей

♦ **1922 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **КIэрэф Мухьэмэд**.

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Анатолэ**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ искусствоведениемкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэт.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи пIалъэ умыщIэ шыкIэ утыку имыхьэ.

Бгы абрагъуэу лъагэщ и мурадхэр

Ди гуапэ зэрыхъущи, зэхъуэкIыныгъэхэр зибз дунейм, гупсысэ кууэхэм дыхэзышэ дызэрыт лъэхъэнэм лъэр жан зыщI, гуГъэфIхэр къыпхэзылъхъэ Iуэхугъуэхэми, къэхукъащIэхэми, нэхъыщхьэжьыращи, щIалэгъуалэ зэчиифIэхэми дашрохьэлIэ. ГъэщIэгъуэныращи, балигъыпIэ иувагъащIэми, апхуэдэ щIалэхэри пщащэхэри зи гупсысэр тIысащ, зи акъылыр жанщ, зи IуэхущIафэхэр нэхущ икIи купщIафIэщ. ЩIалэгъуэкIэ зэдзэкIэлъхъэнэдахэр, къызэрымыкIуэр щызу, купщIафIэу езыхьэкIэхэм, абы къит IэмалыфIхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ нэсу гъащIэм къыщызыгъэсэбэпхэм ящыщщ адыгэ щIалэщ Къущхьэ Борис. ЗэфIэкI инхэр къызыкъуэзыщIалэщIэм и мурадхэр Iуащхьэмахуэ хуэдэу лъагэщ, и гуращхэр абы къыщIэж псынэнсым хуэдэу къабзэщ.

КЪУЩХЬЭ Борис 2000 гъэм дунейм къытехьащ. ЩIалэ акъылыфIэр, жаныр къыщыхъуащ Владикавказ кIалэм дзэ къулыкъум щIэпрыт полковник Къущхьэ Хьабыж и унагъуэ дахэм. Куэдым ирамыгъэгъэтыфэ курыт щIэныгъэ иратыфащ адэ-анэм я къуэм. Борис фIы дыдэу щеджащ Тэн Iуфэ Iус Ростов кIалэм дэт, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу щрагъэгъуэт уней лицей хэхам. Лицейм щыщIэса илъэсхэр купщIафIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэдкIэ гъэнщIауэ ирихьэкIащ абы. Къущхьэр мызэ-мытIэу хъуащ ШколакIуэхэмтхыдэмкIэ я урысей олимпиадэм и призёр. 2017 гъэм Борис хъуащ Урысей Федерацэм Хамэ кърал Iуэхухэмкlэ и министерствэм Москва Хамэ кърал Iуэхугъэкlыгъэмкlэ и институтым (МГИМО) иригъэкIуэкIа Iэпэчэ и пашэ. Апхуэдэу адыгэ щIалэр 2016 гъэ лъандэрэ щытащ УФ-м и Президентым и Унафэкlэ зэчий лъагэ зыбгъэдэлъ школакIуэхэр дэIыгъынымкIэ ягъэувауэ щыта Президент саугъэтым и лауреату.

«ЩIэныгъэхэм я къигъэхуэпIэ» фIэщыгъэ зиIэ, МГИМО-м и нэIэм щIэту Тэн Iус Ростов кIалэм щылажьэ а курыт едэлIэр ехъулIэныгъэ лъагэкIэ иIэу къуихащ Борис. Курыт щIэныгъэ хэха, кууэ зэриIэм щыхэт техъуэ аттестат «плъыжьыим» щыIэгъуэ ныбжьыщIэ зэчиифIэм 2017 гъэм кърагащ, бгъэдэлъ щIэныгъэ лъагэм, гупсысэ кууи, зэфIэкI иным щыхэт техъуэ дыщэ медалыр тIу: зыр УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм, етIуанэр - Ростов областым и Губернаторым къабгъэдэкIыу.

Апхуэдэ щIэныгъэфIэр зэфIэкI лъагэр зыбгъэдэлъ адыгэ щIалэм МГИМО-м и бжьыхэр Хамэ кърал щIыналъэхэр джы-нымкIэ (Зарубежное регионоведение) щIэныгъэ куу щызэригъэгъуэтащ Борис. Зэрихабзэу, студент илъэсхэри щызу, купщIафIэу иригъэкIащ абы. Фы дыдэу зэрелъэ къыдэкIуэу, щIалэщIэр жыджэру хэтащ институтым щылажьэ Тхыдэ, Литературэ клубхэм. Къыхиха Iэщlагъэм епха къэхутэныгъэхэм дахьэхуи хуежьакъи, бакалавриатым щызэригъэгъуэта щIэныгъэм магистратурэм щыпищащ. Абы щыгуи Къущхьэр хэтащ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэхущIэсэхэм, студент форум инхэм я зэIущIэхэм, абыхэм я утыкушхуэхэм бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэр щигъэлъагъуэу. 2022 гъэм Борис МГИМО-м къызэригъэпэща Дунейпсо студент щIэныгъэ форумым пашэ щыхъуащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым МГИМО-м и Студентхэм я щIэныгъэ зэгухэныгъэм ар къыIэщIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ жыджэрагъэщхьэхуэ зыхэлъ мажистрант нэхъыфIу. Къущхьэ Борис а еджапIэ нэхъыщхьэми къыщыхуагъэфэщауэ щытащ УФ-м и Президентым и Унафэкlэ зэчий лъагэ зыбгъэдэлъ студент-магистрантэр дэIыгъыныкIэ иГъуэуващ щыта Президент саугъэтыр.

Институтым зэрыщIэсым хуэдэурэ, 2022 гъэм и гъэмахуэм Борис къиухащ МГИМО-м и нэIэм щIэту лажьэ, дзэ Iэнухэмкlэ еджапIэ центрыр, «Зэдзэкlакlуэ» Iэщlагъэр эригъэпсуэту. А гъэ дыдэм щIалэм къыфIащащ «лейтенант» офицерыцIэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым КIущхьэ Борис ехъулIэныгъэкIэ къиухащ МГИМО-м и магистратурэр, «Дунейпсом и щIыналъэхэм я политикэмрэ экономикэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ магистру зэрыщыгъым щыихьэт техъуэ диплом «плъыжьыр» и Iэрыпхъэу.

Къущхьэм и ехъулIэныгъэ лъагэхэм, дауи, хуабжьу щыгуфIыкIырт абы и адэ-анэр, къэдалъхуахэр, Iыхьлыхэр. Ахэр иригушхуэ икIи ирипагэрт апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэщIэм. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэр абдежми кьощIыныкIэ ыпашхъэ щытащ. Абы мурад ищIащ и щIэныгъэм аспирантурэм щыхигъэхъуэну. Апхэдэу Хъуащ: 2023 гъэм и фокIадэ мазэм Къущхьэ Борис лъэпощхьэпохэр зэрыщIэтIысхьащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием КъухьэпIэ кърагъэлъэжьакIэмкIэ и институтым и аспирантурэм. Ита къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуа щIэныгъэфIым тращIыхьри, адыгэ щIалэм хуэфащэ дыдэу лъагэсащ бюджетыр и лъабжьэу аспирантурэм иIэ Iэмал закъуэр (ар зыIэрагъэхъэныр хущIэкъуэхэр псори зэхэту цIыху 18 хъурт!)

Жыджэрагъэшхуэ зыхэлъ адыгэ щIалэщIэм едэжным щIыгъуу дапщэщи здзихащ щIэныгъэм епха лэжьыгъэ Iэнатlэри. Апхуэдэ гъащIэ мардэм Борис теуват иджыри щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм я зыужьныгъэм хэлъ цIыхьэгъэ-ныгъэхэр джыным епха къэхутэныгъэхэр зэфIэзыхь щIэныгъэлI гупым. Дызэрыт илъэсым и гъатхэм аспирантурэри и пIалъэр кърамыщу къиухащ Къущхьэм. Иджы дыдэ щIалэщIэм утыку ирихьащ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр щIэныгъэкъухьэпIэ и закъуэкъым. Творческэ зэчиимкъэ зыбгъэдэлъ Борис уэз тхынми гу хуищIащ. Абы и къалэмэпIэм къыпыкIа усыгъэхэр мызэ-мытIэу тралъхьащ МГИМО-м къыщыдэкIа литературэ тхылъхэм, МИД-м и нэIэ щIэту дунейм къытехьа «Полк уахътыншэ», Текlуэныгъэ иным теухуа усэхэр щызэхъуэхъэ къыдэкIыгъуэм. Апхуэдэу 2020, 2021 гъэхэм дунейм кърагъэкIащ монгол усакIуэ цIэрыIуэхэм я лэжьыгъэхэр щызэхъуэхъэса тхылъхэр, щIалэщIэм урысыбзэм кърагъэтIысауэ.

Курыт школым щыщIэса зэман лъандэрэ Къущхьэм апхуэдэуи гулъытэ хуещI бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэхэм. Олимп резервымкIэ Ростов дэт областнэй еджапIэм и гъэсэныхэм ящыщщ ар. 2023 гъэм Борис къыдигъэкIащ «От Поддубного и до наших дней» тхылъыр. Абы кърагъащIащ 19-нэ лIэщIыгъуэм кърагъэкIуэдзауэ ирихьэлIэу лъэхъэнэм нэс ди къаралым иса спортсмен бэнэныгъэхэр, гъэсакIуэ цIэрыIуэхэм ятеухуа тхыбархэр, уэз хэхахэр. Мы зэманым Борис и мурадщ а тхылъым елэжьыжу нэхъ купщIафIэу дунейм къытригъэхьэну. А Iуэхугъэ Къущхьэм и акъылэгъущ Урысейм Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм хэтхэри абы и Президент Мамиашвили Михаили.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ ирехьэкI зи ныбжьыр илъэс 25-рэ фIэкIа иримыкъуа Къущхьэ Борис. Абы и щыIагъ къыдэлъ лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри епхащ джэным, гумрэ псэмрэ зыщIэхъуэпсэ IэщIагъэр зэгъэзгъэтыными, бгъэдэлъ щIэныгъэм, зэфIэкIэм адэкIи хэгъэхъуэныгъэм. Дауи, а Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэщIэр лъэ бы-дэкIэ гъащIэм щыубзынымкIэ, зыпэрыт Iэнатlэм хуэIэжьу къулыкъуклэ дэкIуеинымкIэ. Шэч къытетхьэркъым гъащIэм адэкIи къэщIыпэщыльэ къалэнхэм Къущхьэ Борис, щIэныгъэлIыр, къэхутакIуэ еныгъэшIэр, адыгэлI нэс къызэрыщыкIыну дызыщыгуэ щIалэ жаныр, екIуэ зэрыпэлъэщынум, и цIэфIыр иджыри мызэ-мытIэу зэрызыхэтхыным.

Афэрым, адыгэ щIалэщIэ! ЗэфIэкIрэ зэчийуэ убгъэдэлъым яфI къокIыу, гъащIэм гукъэджрэ дэрэжэгъуэрэ къыщыуату, уи пщIэмрэ уи нэмысымрэ хэхъуэ зэпыту упсэуну ди гуапэщ. Уи щIэныгъэмрэ Iэщlагъэмрэ, акъылымрэ гупсысэмрэ яхуэщъхьэпIэ ирехьу зилъ пщIэт бгырыс лъэпкъ уардэм, гу къуэпскIэ уэзпха адыгэ щIыналъэм, ди къаралышхуэм. Уи Iуэху фIы ирихьу, бгы абрагъуэу зи мурадхэр лъагэ Борис.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтым: *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* IэщlагъэлIхэу тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, МГИМО-м, ВШЭ-м я профессор Лузянин Сергей, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, РАН-м и щIэныгъэ советым хэт Воронцов Александр, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Урысейм Монголием щIэ посольствэм и атташе Къущхьэ Борис, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, РАН-м и щIэныгъэ лэжьакIуэ Кузьмин Сергей, тхыдэ, политикэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Санкт- Петербург кърал университетым и профессор Дудин Павел.

● Щlэныгъэ

Узыншагъэмрэ лъыщхьэмрэ

**Щlэныгъэм гъуни нэзи зэримыIэм, цIыхум и гъащIэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщекIуэкIыным дызыщымыгъуазэу идкIыри куэд дыдэ зэрахэлъыим я щIыхьэтщ махуэ къэс жыуэIэм ешхыу щIэ гуэр утыку къызэрихьэр, дигу къызыхэмыкIа Iэджэми я хъыбар зэрызэхэтыр. Гъэщlэгъуэнкъэ, псалъэм папщIэ, ди щIалэхэм и мэзылъэ щIыпIэхэмрэ мэзгъэфIэнхэмрэ щыпсэу псэущхьэхэм я щыIэкIэр зэрызэщхьэщыкIымрэ зэрыIэтехэуэмрэ къэлапIэ-ныр, хьэлэмэткъэ зи лъащIэм унэмыпIыкIэ псыхъурейхэм псыр къаззэрыхьадэмрэ зэрахэжьыжьмрэ къэпхутэну, зи хуэдэ щымыIэжу телъыджэкъэ щIыхуэр и Iэпкъ-лъэпкъыр зэрылажьэмрэ и гъащIэр кIыхь зыщIымрэ зэхэбгъэкIыну?! Зы щIэщыгъуэ гуэр утыку кхъухьэу, дунейр къэзыгъэщIам зэIущIа тельыджэкъэ къызэрыуэнэмыпIыкIыу, КъэгъэщIакIуэм жиIэну зыхэта гуэр наIуэ къэхъум хуэдэщ, цIыхум и пащхьэ къыригъэувэ упщIэ пIъыфэбгъэхэм яГуэтын хуей жэуапыр гурыIуэгъуэ хъуам ещхьщ.

ИГЪАЩIЭМИ дунейм къытехьар пIалъэ дэкIыу щыIэкIыжьыи и щхьэусыгъуэхэр цIыхум къелъыхъуэ, гъащIэр кIыхь зыщIым епха Iуэхугъэхэр зэрегъэзахэуэ, зи псэупIэхэкIэ зэпыщIэхэр щIэщIэхэм кърагъэщIауэ щытащ. Абы и щхьэхуэкIэ зыIэрагъэхъэныр зэщIэкIыным, абы епха щхьэхуэныгъэхэр къэхутэным, абы епха щхьэхуэныгъэхэр къыхэгъэщIыным я Iуэхугъэ дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъэхэм я Iэджагъэ къэзыгъэлъагъуэ щIэныгъэлIхэр, щIэныгъэлIхэр, Iэпэ-Iэсакъыпкъэ зэрыхэлъхэр, щIэныгъэлIхэр, къэгъэлъэгъуэныгъэлIхэр, Iэпэ-Iэсакъэ щIэныгъэлIхэр, IэщIаг

Дудар Заремэ и фэилъхьэгъуэхэр

Налшык къалэм Нэчыхьхэр щрагъэтх и уардэунэм и пэIущIэ пэшым щагъэлъэгъуащ дизайнер Дудар Заремэ и фэилъхьэгъуэхэр. Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыгъэм я махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIащ мыр. Iуэхур къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Пенсэ фондым, ЗАГС-м и къудамэм и унафэщI Шэру Валентинэ, дизайнер Сэралъп Мадинэ сымэ.

ЩЫГЪЫНХЭР ягъэлъэгъуащ Дудар Заремэ къызэригъэпэща «Возраст счастья» къэфакIуэ клубым хэт бзылъхугъэхэм. Налшык къалэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым илъэситI хъуауэ щолажьэ а клубыр. Абы къриубыдэу мыр и етIуанэ гъэлъэгъуэныгъэщ. Фэилъхьэгъуэхэр псори зи IэрыкIыр Дудар Заремэщ.

Шэру Валентинэ зэхыхьэр къыщызэIуихым тепсэлъыхьащ клубым и лэжьыгъэм.

Фэилъхьэгъуэ щхъуэкIэплъыкIэхэр хьэщIэхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ, ягу дыхьащ. Дизайнерым и IэдакъэщIэкIхэр зыгъэлъагъуэ бзылъхугъэхэм актёр Iэзагъэ къызыкъуахауи жыпIэ хъунущ.

- Клубым езым и фэилъхьэгъуэрэ логотипрэ иIэжщ. Тхьэмахуэм тIэу къафэм хухыдох, ди узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэщIауэ. Алыдж, ермэлы, журт, адыгэ, нэгъуэщI къафэхэри догъэзащIэ. Къафэм ди гукъыдэжыр къеIэт, Iэпкълъэпкъыр зэщIегъэкI. Ди унафэщIыр драматург цIэрыIуэ Дудар Хьэутий ипхъущ, - жеIэ Дэшу Валентинэ. - Заремэ дизайнер цIэрыIуэщ, и IэдакъэщIэкIхэр художественнэ фильм зыбжанэм къыщагъэсэбэпащ. Италием илъэс зыбжанэкIэ щыпсэуати, итальяныбзэр уэрсэру ещIэ. Клубым зы зэманкIэ ар щригъэджу щытащ. Заремэ икIи къэфакIуэ Iэзэщ. ЯпэщIыкIэ Пионерхэм я унэм зыщигъэсащ, иужькIэ «Кавказ» ансамблым хэтащ. И пьесэм къытращIыкIа спектакль щагъэуващ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Апхуэдэ цIыху гъэщIэгъуэным гупыр дызэхуишэсащ. Клубым цIыху 20 зэпымыууэ йокIуалIэ. Ди нэхъыжь дыдэр илъэс 77-рэ хъуми, зыхищIэркъым. И лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ папщIэ Заремэ фIыщIэ худощI.

- ИлъэситI хъуауэ клубым сыхэтщи, гукъыдэжрэ къарурэ нэхъыбэу сиIэ зэрыхъуар зыхызощIэ, - пещэ Сабко Светланэ. - Ди унафэщIым и ехъулIэныгъэщ нобэрей гъэлъэгъуэныгъэр. Дэтхэнэ зыми ди фэилъхьэгъуэхэр хэщыпыхьауэ къыхех. «Телемеханика» заводым илъэс 30-кIэ инженер-технологыу сыщылэжьащ. Къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ къафэмрэщ иджыпсту си гукъыдэжыр къэзыIэтыр.

- Заремэ и лэжьыгъэхэр я плъыфэкIи я щIыкIэкIи зыхуэбгъадэ хъун щымыIэщ. Къалэр хуэзэшат и IэдакъэщIэкIхэм, - жиIащ Сэралъп Мадинэ. - Дахагъэм ныбжь иIэкъым. ЩIалэгъуэри пIалъэ хэубыдыкIам иткъым. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтхэр я ныбжькIэ зэщхьэщыкIми, псори дэзыхьэх мы Iуэхум зэришэлIащ. Дэтхэнэ зы фэилъхьэгъуэми шыIэныгъэрэ лъагъуныгъэу ирахьэлIар къыпхуэмыIуэтэнщ. Къалэр зэригъэдахэм шэч хэлъкъым, театрхэми абы и фэилъхьэгъуэхэм хуэдэ щыплъагъуркъыми. ДяпэкIи ефIэкIуэну, и IэщIагъэм хигъэхъуэну си гуапэщ!

Апхуэдэу Заремэ ехъуэхъуащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ.

Дудар Заремэ фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ. Зэхыхьэм хэтахэм иратащ КъБР-м и Пенсэ фондым къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Тхылъ хъумапIэм и лъахэхутэ къудамэм

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм лэжьыгъэм зыщагъэгъуазэу тхьэмахуитIкIэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ практикэ щыIащ КъБКъУ-м и филологие институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм и 3-нэ курсым и студентхэр. Гупым я щIэныгъэ унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэчщ. Абы зыкърагъэхьэлIахэщ библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ Арзанунц Александрэ, къудамэм и унафэщI Гергоковэ Лейлэ, библиотекэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Безыр Ленэ сымэ.

- СТУДЕНТХЭР ди деж практикэ зэрыщыIа пIалъэм къриубыдэу яфIэгъэщIэгъуэну зыщагъэгъуэзащ ди лэжьыгъэм, - жеIэ Безыр Ленэ. - Лъахэхутэ къудамэм 1924 гъэм щыщIэдзауэ 2017 гъэ пщIондэ лъэпкъ литературэмкIэ зэхуихьэса каталогым еплъащ, илъэсищэ ипэкIэ къыдагъэкIыу щIадза газетхэмрэ журналхэмрэ къызэщIиубыдэу. Ди фондым тхылъ мин 24-м щIигъу щахъумэ. Къудамэм щIэлъ адыгэ художественнэ тхыгъэхэмрэ литературэ лэжьыгъэхэмрэ зыхуэдэр щIалэгъуалэм зрагъэщIащ. КъинэмыщIауэ, электрон каталогми еплъащ. Гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэжмэ, а псор къахуэщхьэпэнущ икIи диплом лэжьыгъэхэр щатхкIэ Iуэхум хуэхьэзыру пэрыхьэнущ.

- Студентхэр библиотекэм тшэныр илъэс зыбжанэ ипэкIэ къыщыхэслъхьэм, кафедрэм и лэжьакIуэхэм Iуэхур къыздаIыгъащ. Языныкъуэхэр ПечатымкIэ унэм догъакIуэ. Библиографие, каталог лэжьыгъэхэм щыдогъэгъуазэ, газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр къызэрагъуэтынур хыхьэу. А псор студентхэм я щIэныгъэ лэжьыгъэм сэбэп къащыхуэхъунущ. Хэдгъэгъуэзащ тхыгъэхэр зэрызэрадзэкIми, урысыбзэкIэ къыдэкIауэ адыгэбзэм кърагъэзэгъа, адыгэбзэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ щыIэ тхыгъэхэр (Шортэн Аскэрбий, Нало Ахьмэдхъан, Акъсырэ Залымхъан, ХьэхъупащIэ Амырхъан, КхъуэIуфэ Хьэчим, Къуныжь Борис, IутIыж Борис, Бештокъуэ Хьэбас, Къаныкъуэ Заринэ, н. ейуэ) зэпкърытхащ. ФIагъ куэд мы лэжьыгъэм къыдэкIуащ, ахэр студентхэм я квалификацэ лэжьыгъэхэр щатхкIи, нэгъуэщI тхыгъэхэр щагъэхьэзыркIи, я лэжьыгъэм щыпэрыткIи щхьэпэ зэрахуэхъунуми шэч хэлъкъым, - жиIащ Абазэ Албэч.

Библиотекэм и адрей къудамэхэми студентхэм зыщрагъэплъыхьащ. Студентхэр абы щекIуэкIа зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэм хашащ, я щIэныгъэм хагъэхъуащ. Апхуэдэщ иджыблагъэ абы и лъэпкъ, лъахэхутэ литературэхэмкIэ къудамэм щекIуэкIа «Пусть бесконечно я буду в пути» зэхыхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 111-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ. Студентхэм ягу къагъэкIыжащ усакIуэм тхылъ пщIы бжыгъэхэр къызэрыдигъэкIар, адыгэ литературэр зэригъэбеяр, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, нэгъуэщI урыс тхакIуэшхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм ящыщ адыгэбзэм къызэрыригъэзэгъар. КIыщокъуэм и тхылъ дапхъи библиотекэм щагъэуващ.

- Ди щIэныгъэ унафэщI Абазэ Албэч Лъэпкъ къэрал библиотекэм и лэжьыгъэм дызэрыщигъэгъуэзар щIэщыгъуэ тщыхъуащ. НэхъапэIуэкIи, дауи, а IуэхущIапIэм дыкIуэу щытащ, ауэ иджы хуэдэу абы и къудамэ псоми зыщытплъыхьыну Iэмал диIатэкъым. Нэхъыбэу лъахэхутэ къудамэм и лэжьэкIэрщ дызыкIэлъыплъар, Безыр Ленэрэ Абазэ Албэчрэ ди дэIэпыкъуэгъуу. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ дыщыщIакъым Ленэ и гулъытэ. Ар езыр щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыху гуапэщ. Ленэ къудамэм и лэжьыгъэхэм, и шынагъуэншагъэм къытхутепсэлъыхьащ, зэгъусэу библиографие зэхуэтхьэсащ, щIэныгъэ практикэмкIэ дневникыр зыхуей хуэдгъэзащ. Безырым дызэлэжь тхыгъэхэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд къыджиIащ, тхыдэм и цIыху цIэрыIуэхэм я гугъу къытхуищIащ, цIыхубэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыщ пычыгъуэхэм къытхуеджэурэ абыхэм дытепсэлъыхьыжащ, - жеIэ Мэсей Даянэ. - А псом къыдэкIуэу, гукъинэж тщыхъуащ библиотекэм и къудамэхэм щекIуэкIа зэхыхьэхэри. Абыхэм ящыщщ «Я говорю с тобой из Ленинграда» фэеплъ пшыхьыр. Ар къызэрагъэпэщат Инбер Верэ (усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист) къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 135-рэ зэрырикъум теухуауэ. Дыщагъэгъуэзащ абы и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, зауэ зэманым итхауэ къэна и Iэрытххэм дыкъеджащ. «Вдохновение пера» усэ пшыхьри дигу ирихьащ. Гупыр зэгъусэу дызэрызэдэлэжьам, зэхыхьэхэм дыхэтыну Iэмал зэрыдиIам и фIыгъэкIэ, тхылъыщIэ куэд къэтщIащ, тхыгъэщIэхэр къэдгъуэтащ, ди щIэныгъэм хэдгъэхъуащ, каталогымкIэ дылэжьэфу зедгъэсащ. Дызэрыщыгугъам нэхърэ практикэр нэхъ гъэщIэгъуэну икIи гугъуу къытхущIэкIащи, къыдэлIэлIахэм фIыщIэ яхудощI.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Дыщэ бгырыпхри Гран-при саугъэтри

Сочэ къалэм щыIэ «Сириус» федеральнэ щIыналъэм щекIуэкIащ Iэпщэрызауэ зэхэтым АСА лIэужьыгъуэмкIэ и дунейпсо зэпеуэ. Нэхъ псынщIэ дыдэхэм я деж абы щытекIуащ ПщыукI Азэмэт.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщ щIалэщIэм кIэух зэIущIэм щыхигъэщIащ чемпионыгъэр зыIэщIэлъу а зэхьэзэхуэм къекIуэлIа Дагъыстэным къикIа Гаджиев Курбан. И пщэр фIиубыдыкIри, Азэмэт ар игъэмэхащ икIи Гран-при саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

Iэпщэрызауэ зэхэтым и АСБ, АСА лIэужьыгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэм ехъулIэныгъэ щаIэ зэпытщ. ПщыукI Азэмэт и пэкIэ абы щытекIуауэ щытащ КIэрэф Азэмэт (килограмм 57-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж), Багъ Алий (кг 70), Туменов Альбертрэ Бырхьэм Мухьэмэдрэ (тIури кг 77-рэ). Абы щыгъуэми ПщыукIым и закъуэщ лигэм и чемпионым и дыщэ бгырыпхри Гран-при саугъэтри зэуэ зыIэрызыгъэхьэфар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Кавказым и кубокыр къахь

● Тхэквандо

Налшык и универсальнэ спорткомплексым тхэквандомкIэ зэпеуитI зэуэ щекIуэкIащ. Зыр Кавказым и кубокыр къэхьыныр т, адрейр щIагъуэу зэхэзымыххэм я Урысей чемпионатт.

КАВКАЗЫМ и кубокым теухуа зэпеуэм ехъулIэныгъэ ин щызыIэригъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам. Гуп зэпеуэм ар псом япэ щищащ, дыщэ медалу 9, дыжьыну 7, домбеякъыу 13 къихьри.

ЕтIуанэ увыпIэр иубыдащ Дагъыстэным и гуп къыхэхам. Ингушхэр ещанэщ.

ЩIагъуэу зэхэзымыххэм я зэпеуэм къызэхуишэсат Урысей Федерацэм и щIыналъэ пщыкIущым къикIа спорстсмен куэд. Ахэр зэхьэзэхуащ хьэлъагъыу 8-кIэ зэшхьэщыхауэ. Ди лъахэгъу Жылэ Татьянэ абы дыжьын медалыр къыщихьащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● УФСБ-м къет

Пощтым и ахъшэр къигъэсэбэпащ

Урысейм и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ Шэджэм районым и Яныкъуей къуажэм дэт пощт зэпыщIэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщIым теухуауэ. Абы шэч хуащI УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.

СЛЕДСТВИЕМ къызэрилъытэмкIэ, шэч зыхуащIым 2024 гъэм и дыгъэгъазэм, и къулыкъур къигъэсэбэпри, кассэм къина ахъшэм теухуауэ махуэ къэс ищI отчетым пцIы хилъхьащ, ар зэрыхъур игъэмащIэу. ЦIыхубзым сом мин 844-рэ идыгъури, езыр зыхуейм тригъэкIуэдащ, «Урысейм и пощт» АО-м и щIыналъэ къудамэм хэщIыныгъэ ириту. Шэч зыхуащIым илэжьа хабзэншагъэр къыщIагъэщащ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм.

Следствием лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI, Iуэхур щIэзыгъэбыдэхэр зэхуихьэсу.

Бзу щымыIэжмэ, сыт тщIэнур?

● Къуалэбзухэр

Псэущхьэ цIыкIухэм ещакIуэ къуалэхэр зэтебукIэнкIэ Iэмал зэримыIэм щIэныгъэлIхэм зыкъом щIауэ къыхураджэ.

БЗУХЭР щымыIэмэ, псэущхьэхэм я Iуэхур екIэкIуэнущ, сыту жытIэмэ, дэнэ щыпIэ щыщэкIуами, абыхэм ягъэзащIэр къабзагъэ къалэнщ. Къуалэхэм я ерыскъыгъуэ нэхъыщхьэр псэущхьэ лIахэрщ. Псэухэм яхэуэн хуей хъуми, лъэрымыхьэмрэ уз зэрыцIалэ зыпкърытхэмрэщ Iус яхуэхъур.

Зы къуалэбзу лIэужьыгъуэр, гъэм и зэманым елъытауэ, языныкъуэхэм деж зэран хъуми, сэбэп щыхъуи щыIэщ. Псалъэм папщIэ, мацIэхэм сэрмэлычыр яхэзылъхьэ бжэндэхъу пшэплъыфэм жызумейхэр къыщрагъэл куэдрэ къохъу.

Австралием щыпсэухэр какаду фIыцIэхэм хуабжьу гугъу ирагъэхьу щытащ, уэздыгъей мэзхэр щагъэкI зэманым. Зи гугъу тщIы къуалэбзу лIэужьыгъуэр мин бжыгъэкIэрэ мэзхэм теуэурэ, шыкIуртIымхэр зэщIакъуэрт. Ауэ какадухэм шыкIуртIым жылэу яшхыр мащIэт, къэнар жыгхэм кърадзыхырт. Иужьым цIыхухэр зэрегупсысыжамкIэ, щIым утету шыкIуртIым къэпщыпмэ нэхъ тыншкъэ, жыгым удэпщейуэ ахэр къыпыпч нэхърэ? Гу лъызытахэм апхуэдэ чэнджэщ адрейхэм зэрырат лъандэрэ, какаду фIыцIэм и Iуэху зэрахуэжыркъым.

Колибри цIыкIухэр-щэ! Абыхэм лей мащIэ ятехьа, IэмыщIэ из мыхъу я фэ телъыджэхэм щхьэкIэ? Мин бжыгъэкIэщ ахэр зэраукIар, цIыхубз пыIэхэр ирагъэдэхэн папщIэ.

Пащтыхьбзур колибрим нэхърэ зэрынэхъ ин щыIэкъым, ауэ абы зэран хъу хьэпIацIэу, гъудэбадзэу мелуани 8-м нэс илъэсым зэтреукIэ.

Щунэфри (щIым щыгъуалъхьэ, хьэпщхупщрэ гъудэбадзэкIэ ерыщ, къабзий цIуугъэнэ зытет къуалэбзу мыин) абыхэм нэхърэ мынэхъыкIэу йолэжь хьэпIацIэхэр гъэкIуэдыным. Пэжщ, ар абгъуэм джэдыкIэ илъу илъэгъуамэ, щыблэмыкIыф щыIэщ, бзу шырхэм щахэIэби къохъу.

АдэкIэ дыIэбэнщи, дунейр яхуримыкъуу гупышхуэу къэзылъэтыхьу щыта тхьэрыкъуэшхуэхэр дэнэ щыIэ? Абыхэм щIыпIэ хэха яIэтэкъым. Зэпымыууэ Iэпхъуэн, зы къэралым икIыу нэгъуэщI лъахэ лъэтэн - ара хуэдэт ахэр къызыхуигъэщIар. ЖаIэ, дей, мышхумпIей жыгхэр апхуэдэ тхьэрыкъуэ абгъуэхэм зэгуэр къакъутэу щытыгъауэ, уэгум ит тхьэрыкъуэ гупышхуэхэм дыгъэр сыхьэт бжыгъэкIэ щыщIауфэ куэдрэ къэхъуауэ, Америкэм и къалэ гуэрым тхьэрыкъуэхэр махуиплI енкIэ щхьэщылъэтыкIа хуэдэу, къалэдэсхэм махуиплI псокIэ тхьэрыкъуэхэм ещэкIуэн, ахэр яукIын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэрамыхуауэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм зыхуишар гущIыхьэщ: мы тхьэрыкъуэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу къэнэжа закъуэр 1914 гъэм дунейм текIуэдыкIыжащ.

ЗыкIи нэхъыфIкъым псыбзу дамэншэхэм иращIари. Къуалэбзу пшэрхэр мин бжыгъэкIэ щаукIащ Франджым, Испанием, Скандинавием, Исландием, нэгъуэщI хэгъэгухэми. Иджы абы и фэ къуа нэхъ мыхъуми диIэжарэт жызыIэхэр мащIэкъым.

Китай мэкъумэшыщIэхэм къэралым бзу кърамынэжыну зэгуэр мурад ящIауэ щытыгъащ, гъавэ куэдыIуэ Iисраф ящI жаIэри. Ауэ гъатхэр къэсри, зэрыщыуар къагурыIуэжащ. Бзухэм зыхалъхьэ щыIэкъым цIыв-пэкIыхь цIыкIухэр яшхыну. А еIуящIэ жыгъейхэм щIымахуэр щIы щIагъым щрах, гъатхэр къызэрихьэу, мыIэрысей гулъхэр псэупIэ ящIри, я джэдыкIэхэр щагъэтIылъ, гулъ къэс 20-м нэс хуэзэу. Зэман докIри, абыхэм цIыв балигъ къахохъукI. Бзууэ тIу фIэкIа хуейтэкъым жыг къэс, абы хищIа хьэпIацIэхэр зэщIакъуэну. Арати, бзухэр ежэу щызэтраукIа гъэм жыгхэм мыIэрысэ къапыкIакъым. Губгъуэхэми Iуэхур зыкIи щынэхъ щIэгъуакъым: хьэпIацIэр мыбыи щыбгъуат. Бзухэм лей ирахар мэкъумэшыщIэхэм я щхьэм къыщеуэжым, хамэ щIыпIэхэм бзу къэрашын хуей хъуащ...

АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.

Хэкум ухуэщхьэпэныр къалэнщ

Франджым илъэс куэд хъуауэ щыпсэу граф Шереметев Пётр Урысейм къэIэпхъуэжыну зегъэхьэзыр. Апхуэдэ хуитыныгъэ къритыну елъэIуу, абы бадзэуэгъуэм и 4-м зыхуигъэзащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

УРЫСЕЙМ къэIэпхъуэжын гукъыдэжыр Шереметевым къызыхихар и адэм и уэсятырщ. 2003 гъэ лъандэрэ урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ Франджым щыпхызыгъэкI графым и Хэку дыдэу къилъытэр Урысейрщ.

«ПщIэшхуэ зыхуэсщI Владимир Владимир и къуэ! Граф Шереметевхэ я лъэпкъым и нэхъыжьу щыт сэ си адэм и уэсятыр згъэзащIэу, си лъэпкъыр къызыхэкIа щIым си гъащIэм и иужьрей махуэхэр щесхьэкIыжыну сыхуейщ, - дыкъыщоджэ Президентым и цIэкIэ графым къигъэхьа лъэIум. - Сэ Урысейм срицIыхущ, Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмкIэ орденыр зратахэм сащыщщ, къысхуэна гъащIэм си адэжьхэм я Хэкум щэнхабзэм, тхыдэм, псэкупсэ гъащIэм зыщезгъэужьыным сыщIохъуэпс. Урысейм сынэIэпхъуэжыну сыхуейщ, си мылъкури зэхуэсхьэса хьэпшыпхэри ныздэсшэжу, абыкIэ укъыздэIэпыкъуну сыпщогугъ. ПщIэшхуэ пхуэзыщI граф Шереметев Пётр».

«Урысейр си Хэкущ, аращ абы сыкIуэжыну сыщIыхуейр. Ар си Iыхьлыхэм я адэжь щIыналъэщ. Шереметевхэ я цIэр зезыхьэ центрхэр, хорхэр, оркестрхэр, консерваторэхэр къызэзгъэпэщыну сыхуейщ. Хэкум ухуэщхьэпэныр къалэнщ дэтхэнэ цIыхум дежкIи», - къигъэнэIуащ графым и мурадхэр.

Шереметевым зи гугъу ищI и адэжьхэр адыгэхэми къуэпс быдэкIэ епхащ. Тхылъ куэдым зэтехуэу итщ Черкасскэхэр Къэбэрдейм зэрыщыщыр, Грозный Иван, Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь, Мэзкуу Iэпхъуэжахэм къатепщIыкIыжауэ. Черкасскэхэм Романовхэри я благъэу щытащ, ахэр пащтыхь унагъуэ хъун ипэ. Зи гугъу тщIы Шереметевхэмрэ Черкасскэхэмрэ зэблагъэщ. Черкасская Иринэ Борис и пхъур Шереметев Фёдор и щхьэгъусэу щытащ. Черкасский Данилэ Григорий и къуэм Шереметевэ Марье Пётр и пхъур щхьэгъусэ хуэхъуат.

Нобэ зи гугъу тщIы графым и цIэджэгъу Шереметев Пётр 1743 гъэм щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытащ Черкасская Варварэ Алексей и пхъур. Канцлер Черкасский Алексейрэ абы и щхьэгъусэ Трубецкая Марие Юрий и пхъумрэ япхъу закъуэт Варварэ. И адэ-анэр дунейм ехыжа нэужь, Варварэ и закъуэщ щIэиныр къызыхуэнар. Черкасский Алексей и мылъкур къыхэхъуа нэужь, Шереметев Пётр ейр тIукIэ бэгъуауэ щытауэ жаIэж. А зэманым иджыри къуажэу щыта Останкинэ, Ивановэ хуэдэ щIыпIэхэр, Санкт-Петербург дэт «Мелуан унэ» зыфIаща, Миллионная уэрамым тетар, Мэзкуу хыхьэ Сухаревкэ хьэблэу «Черкасскэхэм я хадэхэр» зэрытар, къинэмыщIхэр ей хъуат.

Черкасскэхэм я тхыдэ хъыбар мызэ-мытIэу тетащ ди газетым. Ахэр дигу къыщIэдгъэкIыжын щхьэусыгъуэ къыдэзытар «адыгэ малъхъэхэм» я щIэблэр къэралым къызэрыIэпхъуэжырщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1.505
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ДыщэкI Соня** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.